64. C asidēha; C yan angucap, M ana pangucap iplv. anāngucap. 65. M amukēng teng pura. 66. C gati iplv. āpti; M denisun iplv. denipun; AM Wīrarāja; M ugni iplv. ugi. 68. C wirang; M kawucap iplv. inucap. 69. C -āmēkasi pun Ṣ.; M langsasaran apit; C -līlā amēng-amēng; C eng (voor wārih) ontbr., M ing. 70. C apanah iplv. panah; AM sajuru, B saju iplv. saru; C binawa iplv. kang anggawa; C ing (rawi). 71. C awungu; B angaturan, C ingaturan; M parwan iplv. paturwan; C mlēduk; B kang iplv. eng. 72. M asēmu iplv. angēmu; BC -rēngwan eng ulat, M -rēngwan ing ulat. 73. C wawahu iplv. wawahu; C umarēk; C ng ontbr.



74. Wruh ken Šodrakâmarâmahoni ujar, -nya amarang amanis, singgih susuhunan, pamêkas ing sang raka, yan konggang mangsul tumuli, manira awwat, andika sang lwir sâri.

75. Singgih sang raka kaya bhramarângarang, miyat pañjrah eng sâri, dalêm ing paesan, sok amungari tingal, tan poly' ambungari ng wangi, don ing anêdâ, -ndika makawawangi.

76. Sang inaturan mangkin arês mar daya, -nira nêhër alinggih, angusapi çocâ, -balut aembêh raras, amaayu wra ning wenî, alon angucap, taha kaka rêpmami.

77. Deningsun liwat makaparan eng' citta, pasung-sungira iki, kang sinêngguh iya, dene jro ning ulêsan, nora iku kang linêwih, ana ing jaba, walunane linêwih.

78. Pan ingumbar pun êndi ulêsan ika, Sîtâ citrane lêwih, sira makaşıpta, rinekhâ munggw ing kêrtas, tinatas pupus eng istri, rasa ning citta, denya amemengengi.

79. Kañcit punang papañdon sakêng swapura, kinen dera çrî aji, têka saha sêmbah, pakanirênaturan, yan wwantên warasa singgih, sirêbunirâ, -midhya anggagâtreni.

80. Udiyan udarâga dinom eng têngah, cinaracap eng pinggir, wingi pakanirâ, -nênggeh orêm punika, sirêbu katuju agring, don ing tan mara, mesêm rahaden putrî.

81. Marêka ingsun kayânadidik waras, tur onêng eng ibw aji, tumurun rahadyan, abasahan tan pathya, akusut tanpa susuri, aembêh raras, sok raryâlit angiring.

82. Tan warna polahira duk têkêng pura, ndan sang añjâla malih, akweh antukira, aken ameta tadah, lor eng Jong-Biru anganti, pakantukira, sampun ingolah uni.

83. Rame anadah kadehan lan wongira, rahadyan añjênêngi, baryan mangkanaa, sirângrarah kalangwan, amet warna ning sang pinrih, panglipurira, yan sampun ing anangkil.

---

74. AM Šodrakâmarâmahoni; M kowang iplv. kongang; C wangsul. 75. M ya iplv. kaya; C bhramarâ-; C yan jrah ning iplv. pañjrah eng; M dalêm i maesan; C wangi iplv. tingal; C makawangi. 76. M mang (event, smang) iplv. mar. 77. C ing (citta). 78. M inumbar; C ulêsanira; C citra-citrane iplv. Sîtâ citrane; M maşıpta; B eng (kêrtas); C tinata puput. 79. M kanon iplv. kinen; C strî iplv. çrî; C linggih iplv. singgih; C anggagâtreni. 80. AM asring iplv. agring. 81. M tibw iplv. ibw. 82. C solahira; C akon iplv. aken; C (lor) ing; M Jo-Biru; C makantukira. 83. M inadah iplv. anadah; M mangkana ta sirâkalangwan; CM pindrih; C (sampun) eng.

84. Awēkas wēwēkasira Wīrarāja, prāpta sampun katur ing, rahaden kinen a, -nēda alas-alasan, Trik makasabhān tumuli, linampahana, sang nātha angadyeni.

85. Winangsul muwah irikēng Wīrarāja, yan ṛṇa ṣrī bhūpati, yatika witannya, samangka wong Madhura, anarukēng alas Tērik, kañcit ana wwang, babad ahīnabhukti.

86. Kāla panusup eng alas arawayan, anuju mahos sawit, ruru phala nika, ya ta pinet pinangan, pada anēngguh apahit, ana amutah, rēha-rēhāmuroṇi.

87. Pada binuñcal pakantuknyāmupua, kasub denyāmuroṇi, pan dahat atikta, nimittanya engaran, babadan eng Maja-Pahit, inganira sang, mungguh añakrawartī.

88. Pintēn eng kāla lama tan kasopekṣān, malah arūpa deṣi, babadan eng alas, alunang paripūrṇa, jāga-jāganipun aṣrī, patingkahira, Wīrarāja tan sisip.

89. Wong ing Madhura mangkin asarawayan, marēng Daha abali, tēkāparantunan, ing Maja-Pahit muwah, sirāryāwēwēkas amit, marīng rahadyan, datēngēng Maja-Pahit.

90. Eñjing kawarṇaa sira ṣrī narendra, sampun ahyas tinangkil, woya eng pangastryan, mēpēk kang para ranga, kēbo para wīramantrī, patih Mundarang, angarēpakēn linggih.

91. Kaget punang wwang sakamārga suminggah, mēndēk harṣāningali, prāptanira radyan, sopacārānēng harṣa, adulur kadi ring tulis, punang kadehan, lwir gandharwa angrēsi.

92. Kweh ing andulur sumrēg tēkēng watangan, sah eng kuda tumuli, anglungsr basahan, bang ijo lar eng atat, asabuk sundehan wilis, anguwah karṇā, -kris alandeyan taring.

84. ABC wēkasira, M wēkasira sang iplv. wēwēkasira, dat hier genomen was uit den tekst van Vreede in den Feestbundel P. J. Veth, daar de maat in de lezingen ABC niet in orde was, en de lezing M, die eveneens de moeilijkheid opgelost zou hebben, mij bij het redigieren van den gedrukten tekst nog niet onder oogen gekomen was; M sira iplv. sampun; AM kinen iplv. kinen; M adda iplv. anēda. 85. M anarukē. 86. M e (alas); CM arawayan; C mangdya of maja iplv. mahos; M anangguh. 87. M -mupunga iplv. -mupua; M pada iplv. dahat; C ingaran. 88. C anglunang; C caracaranipun iplv. jāga-jāganipun. 89. C asarawayan; C abalik; M apit marī iplv. amit marīng. 90. C pēpēk. 91. M di ri iplv. kadi ring. 82. C hlār ing; M atag iplv. atat; A ahasabuk; C sandehan.

93. Duk prāptēng ayunira sira sang nātha, harṣānungsung eng liring, kaky Harṣa-Wijaya, dingaren sira tuhan, sēmu ning aprāṇagati, kātārēng warṇa -nirāṅegari ati.

94. Mesēm sang dīnārtha singgih punapaa, sakēng ṛṇa nṛpati, sinahuran smita, lah tuhan alinggih, sampun sira alinggih ing, papadon wetan, harṣākweh ing anangkil.

95. Mantrī Winotan tinolih de sang nātha, mesēm anēmbah singgih, punapa rahadyan, piṇḍa rēm-rēm eng arka, kady angatag sakaraçmi, pun ěndi kenak, ing ararawēng ukir.

96. Mesēm rahadyan sukha sira sang nātha, anging sotan eng wilis, darpa eng kalangwan, wingi sira pangeran, asung-sung samsam sasiki, de ning angapā, -mṛgawaça eng añjing.

97. Mbontēn pukulun olih eng amamanah, amṛga sambēk ugi, mēntas ing añjāla, amemepe ri alas, punika katujw ambhukti, nēhēr pinanah, kapisan angēmasi.

98. Garjita sang nātha apatih Mundarang, sira po Parung-Sāri, mbe nikārēp ing ngwang, abuburw ing larangan, sinamby añjajālēng wārih, ambhakta panah, sun angatērēng kaki.

99. Sang sinrahan andikānahuri sēmbah, ken Sora matur aris, pāduka bhāṭṭāra, punika akalangwan, pametanipun dandani, sampun kahīnan, puharāmbubutuhi.

100. Wontēn denipun putu parameçwara, wikan ango-padheni, pakanira dewa, amit atathānena, marēng Mahos-Pahit, amṛddhi kira, dan-danan eng anggērīt.

101. Marīng Madhura irikēng Wirarāja, akon angarada ring, rajut panggrahitan, kuda abētah-bētah lan çona saana ugi, gēsēng aluwan, talun-talune ěnti.

102. Singgih ature pun Mahiṣa-Pawagal, gineregel rimihin, sineret-seretan, pupusnya kalā luwang, jirēt pilangkung lan taji, ori pinasang, ena ginrēk tumuli.

---

93. C aprāṇatagati, M aprāyagati; C kātā-kātārēng. 94. M dīnārtha; C ujar iplv. smita. 95. C sakaraçmin; AM tararawēng, B (t)ararawe. 96. M -mragawaça. 97. C polih iplv. olih; M amamepe; C ring (alas); M kapisanan ngēmasi. 98. C e patih M.; C abuburu eng alas iplv. abub. i. l.; M i (lar.); M ajarēng iplv. añjajālēng; AM pana. 100. C angopadeçi; M matathāne iplv. atathānena; C marīng; C dan-dan iplv. dan-danan. 101. C aken iplv. akon; ABM panggrahitang; C talu-talu neng of talu-talun eng. 102. M sineret-siretan; C puwusnya. M wuwusnya iplv. pupusnya; M taja; M ana iplv. ena.

103. Mesēm sang nātha sukha samantrīng Daha, iya aturirēki, kaki palungaa, atathānen po sira, marēng dusun Maja-Pahit, mēne mon mēntas, kira sirāngombali.

104. Didinyāja kasēpyan punang nagarā, -masakkēn mantrīriki, tan ana sinañjan, lēwih sihingsun tuhan, onēng yan tinilar lami, kakasihira, Winotan ika wawi.

105. Sampun pukulun kasēpyan prameçwara, singgih de ning punapi, karika lawasa, manawēng lahrū-māsa, manirā-bangsul tumuli, amit ta pisan, mangkatēng eñjang-eñjing.

106. Manggut sang nātha tinut eng aluwaran, mantuk rahaden prāpti, sirēng pasanggrahan, jumugjug eng pamrēman, tēkāniba sumungkēmi, ring kajang çirah, kalolitēng sang kari.

107. Winiweka tan poly' angēnani citta, sēmang-sēmang baribin, kaya-kaya rakwa, sira tan katēkana, wirāga salaga estrī, anging karasa, mithyēng sang ari kalih.

108. De ning linungan kalih tan sinawita, tur dinohana bhūmi, sangcaya kagagat, lara tanpa puhara, tībra anurokēn tangīs, kadehanira, kapiluh samākēmit.

109. Sakṣaṇa amrēm sira mojar ken Sora, Wīrajata sirāri, jajaka Rudita, amēng-amēng po sira, ring rājya pily' amēnangi, ken Ṣodrakara, sira kon marēriki.

110. Mangkat tang kinon kawuwusa eng pura, yan raden Wijaya si, -rāngalihi deça, sampun amit-amitan, ring çrī Jaya-Katong uni, tēkēng wongirā, -ngrēngē rahaden putrī.

111. Ken Ṣodrakara angucap saha wāspa, aduh katuwon de ning, dewa aweh lara, wahu amanah ecchā, awētw amahoni bhrānti, tanpa lipuran, ciha-cihan eng dadi.

112. Ngur aja sira nguni datēngēng Daha, pisan de ning amanggih, lara katadahan, iki tēkāweweha, polahira amintoni, amaga-maga, kalintang-lintang ugi.

103. C mantrī D., M samantrī D.; M palungkaa. Tusschen 103 en 104 in M: Singgih ature. 104. C -mlasakēn; iplv. masakkēn; C wahwi-. 105. C -mangsul; C mbeñjang-eñjing, M beñjang-eñjing. 106. C jumugjug. 107. C kapanggrīha wirasa jugala eng strī iplv. katēkana w. s. estrī. 108. M nungan iplv. linungan; C pinawita; C kagatgat; C kapingluh. 109. M sirāring jaj.; M ta iplv. po. 111. C awahw iplv. awētw; C -cihan ing d. 112. M Ngu iplv. Ngur; C uni iplv. nguni; ABM katadaha.

113. Sahurira rahadyan arawat wāspa, iya ujarirêki anêngguh wong menak, wangça gūra wiweka, dadyan anurudi kâpti, puhara mithyâ, tēka andohi bhūmi.

114. Anging kalana wuwus tan ambĕk lanâ, -sĭkāra manah kari, ngwang angĕmasanâ, -lara tan iman-iman, pati panud-dhaa wingit, lah apa kĕna, daṇḍa ning hyang i kami.

115. Angusap wāspa ature saha sĕmbah, singgih tan patipati, parikrama dewa, anging sampun denira, patilara sewābhakti, kikirimira, pakanira ĕleni.

116. Kweh inucap sasambat eng katuridan, pun Šodrakara mĭjil, wus ginawa-gawan, anamar tan opekšâ, jajaka Ruditāpanggih, lan Wĭrajatâ, -pan padāngalap mārġi.

117. Mesĕm ken Rajata jajaka Rudita, kamayangan yen prāpti, inga(n)ti saeñjang, mesĕm ken Šodrakara, pamuliha uga kaki, matur yan anâ, -marĕka engsun iki.

118. Mangsul kang kinen wontĕn yan lingsir kilyan, duk tĕkĕng karang wongi, -ra kapanggy' adan-dan, amomotġng ĉakaĉa, kuda pinupul raden si, -râgugulingan, apan wahu atangi.

119. Kañcit prāpta ken Šodrakara sinapa, dera Sora lah nini, tumanduka pisan, ana sang susuhunan, agugulingan puniki, kagyat rahadyan, mesĕm nĕhĕr alinggih.

120. Šodrakara sun amalaku sakuta, sihanta iri kami, mithyâ tan kapalang, dede prah ing janmĕnak, amindo angalesani, ring tuhanira, siddha tan satyabuddhi.

121. Sukhĕngsun ikya anuhu daṇḍa padarwa, -nira sang kadi dewĭ, pan sĕdĕng denirâ, -nibani lara roga, deningsun mapaga kâpti, manah maleccha, kudw angalihi bhūmi.

122. Padene tĕngsun mon kary awet agĕsang, prāptāmaleni bhakti, atura mastaka, ing sang iriki nātha, sampun sira walang ati, matura uga, den awarasa kari.

113. C dadi iplv. dadyan; M anuruni. 114. Kang ing kalana. 117. C inganti, ABM ingati; C Šodraka; M wuga; C eki iplv. iki. 119. M tâgugulingan. 120. M amalakata iplv. amalaku sakuta; C kawalang; M (prah) i; C patyabuddhi. 121. M Sukhĕngsud; C daṇḍopadarwa, M daṇḍa padawa; M sa iplv. sang; C mamaga iplv. mapaga. 122. M kay iplv. kary; C ring (sang), M i (sang); M dada iplv. nātha; M wuga.

123. Kanggëk twase ken Šodrakara anëmbah, saatur paki-kirim, denyândikanira, waluy atur mastaka, kaya tinëgësan amit, aduh pangeran, mogha siddhyânêng gati.

124. Mantuk ken Šodrakara tinut eng ulat, malah lëpas tumuli, ken Sora angucap, kayângawruhi smita, apacëh egar amanis, mesëm rahadyan, tuhu smu neng wong puri.

125. Tur amëdar kikirim dodot cicitran, warna madhu kasingi, rinūpakëng têngah, saroruha lumimba, ring çela wulung rinawit, karang wawala, sattwalangkārëng pinggir.

126. Dumilah rūpa ning gagātrānarasah, cacantëtan-nyāsthiti, tinon māyā-māyā, kweh ing marëk kasrëpan, pad' hārşāmumūjêng ati, mangkin rahadyan, lënglëng anawang aksi.

127. Kawangwang warnanira sang asung rimang, kapra-tiṣṭha eng ati, sëmu-sëmu wāspa, angucap asidëhan, denirān-ungkuli tulis, iki ring têngah, ṣiptane tuhu lëwih.

128. Prabhu-Sukanyāparwa sira carita, Singhalanggāla-aji, ika tēngranira, acitra tuñjung pupak, ing çela wulung linëwih, tan kadya sira, kinatwangan eng istri.

129. Papalihanira kanyā Smaradewa, ekacchattra neng lëwih, guru neng kalangwan, kawyāpakëng swaloka, paramar-jānarireni, wëkas ning wëkas, apapak tan niringi.

130. Lëwih dene prathama anūksmëng ṣipta, munggw ing kakange eki, sang karī Madhura, sira prabhu Sukanyā, umung-guh buddhaya(h) aji, manah tan cala, manggëh tan wikārāti.

131. Mangkana yan idëpirëng dalëm citta, raden Wijaya mangkin, katanëhan raras, ning asmara turida, pëpët eng duh-kha kapati, ken Pamandana, marmarātulung gipih.

132. Saha wāspa parëng sakadehanira, sambat-sambat-nyāmlas-sih, dewa susuhunan, katuhwon pakanira, awet sinangsārëng Widhi, aduh pangeran, sampun agawe lali.

---

123. M jaluy iplv. waluy; M tinëgës iplv. tinëgësan; M aduh pangeran ontbr.; C molpa iplv. mogha; M -ning gati. 124. C kaya awruh ing citta iplv. kayângawruhi smita; C smune w. p. 125. C lumimbak, M lumibamba; C ing (çela); M ulung. 126. M non iplv. tinon; M parëk; B hāṣā- iplv. hārşā-; B anapang iplv. anawang. 127. C asmu-sëmu. 128. M ulung; B e (istri). 129. C dyah Asmaradewa; C (guru) ning; M wëkas ni wëkas. 130. M mrathama; C citta iplv. ṣipta; C karīng M.; M añjala iplv. tan cala. 131. M lëm iplv. dalem. 132. C saha kadehan; M sasuhunan; BC katuwon.



133. Sakṣaṇāṅglilir raden angusap çoca, ken Sora atur patir, -than sampun açoca, sirâlungguha muwah, tur mêng-gah amuwus aris, kaya urunga, deningsun lunga iki.

134. Kadi tan tēkēng para rasa anēng twas, angur matya eriki, sun asrah jīwita eng aji Katong pisan, angamuka marēng purī, swarga yan pējah, jīwanengsun nungkuli.

135. Singgih pangeran ature Miṣa-Wagal manirāmumu-ngari, pamuk anēng rājya, dimapa tan kawawa, çirṇa gēm-pung puharāgni, de ning kalana, bala Tumapēl eki.

136. Mangkin kepwan manahe ken Pamandanā, -rasa tan poly' āmēnging, Mahiṣa-Pawagal, arēp mijil apungkas, ken Sora çighrāṅgamēli, srēngēn angucap, wani bālaka iki.

137. Pati tan paty apathya neng patik wēnang, wēnang kita paragi, towi kaka wēnang, ndi kapan pakantuka, rahaden putry angēmasi, Mahiṣa-Wagal, wirang tan panahuri.

138. Ken Pamandana tan mary amēkul pāda, ujare amlad ati, aduh susuhunan, sampun de ning kalepyan, ring angalanā-pet sandhi, dadi khaṭungka, de ning marmānēng ati.

139. Lan punapa ujare pun Wīrarāja, dene akirē gati, kameh katrapana, kalangana duṣkrta, manaha mendrāmatyani, tanpa kaongsyan, paty akiyul sārathi.

140. Akweh ature pada amēlas-harṣa, sang inaturan kadi, latah tan pangucap, sumarēng karang çirah, nēhēr aniba aguling, tan kawarṇaa, rātrī wuwusēn eñjing.

141. Wongira abhyāgata sampun atihang, kuda pinalanani, punang asēdahan, pakṣi çona padādan, wowotan sasapen giling, wwang arērēmbat, adudulur rimihin.

142. Mangkat rahadyan awāhana turangga, pinayungan tuhw açrī, mwang kadehanira, sama umunggw eng kuda, wong Madhurāṅgiring-iring, lyan ambabhakta, lēpas eng karang aglis.

133. M patithan; C awuwus; C wurung(a); M iti iplv. iki. 134. C matyā-nērīki (of matya rerīki?); C jīwaningsun. 135. C mamuk iplv. pamuk; C ndimapa. 136. M āmēngi; C bala kayēki iplv. bālaka iki. 137. C ning (patik); ABM kata iplv. kapan. 138. C khaṭungkas; M marma ning ati. 139. C pojare iplv. ujare; M de ning iplv. dene; B meh, C pan meh iplv. kameh; C maty iplv. paty. 141. C samādan w.



143. Těkēng manguntur čela apan kamārgan, sěšěk kang aningali, tumurun rahadyan, iniring ing kadehan, angrawit awingkis rapi(h), angrājasingha, sarwy angagēm cēmēti.

144. Dodotira surastrī kapering taman, asabuk limar wilis, akris lalangkāran, polihirācicitran, kupudang atarung miring, susah ing romā, -sipat akung raspati.

145. Lumampah tan krakaça yaya ring surat, sopacāra rimihin, kuda ri iringan, asu papat rarantyan, ring harša tumut tang pakši, bhaya rinēmbat, sadā anakāngawin.

146. Agawok kang mulat jalw istri angucap, duh tēka endah lēwih, pangācāranira, grī Jaya-Katong uga, yan mimba nora kayēki, bhaya ta sira, makamūrti ning lēwih.

147. Tur warnanira tan ambosēni mulat, anging katuwon de ning, rūpāmawācāra, tan wādēng lampahira, sang ing Jong-Biru ngeruti, twas anurida, sakukuwwan agingsir.

148. Akweh uningan tangis ning sanagara, byakta kalapan urip, durmanggala nika, tan wruh pangindrajāla, ning sang marēng Maja-Pahit, lēpas ring rājya, kadungkap dusun thāni.

149. Munggw ing mrtamāsa po sira duk mangkat, adrēs tiba ning wršti, tang toyānaracak, jrēm-jrēm moh sakamārga, jēbog aluñu ngewēhi, wwang arērēmbat, anggrēk sasapen giling.

150. Arantunan sumēlang sirākalangwan, tan kurang tadah bhukti, animpang eng alas, wongirāmṛgāpikat, anunundung anggēgērit, mwang ararawan, sakalangēn eng mārgi.

151. Rēm-rēm eng arka abinang tang wangkawa, gērēh manda arawit, langē ning parwata, tinon arawat warša, tṛṇa-tarulatā abi, -ngar mātrālunggah, mahw asīnom salin.

143. BCM camēti. 144. B kumudang (?), C tumuda iplv. kupudang; C (susah) ning. 145. C asi patpat rarandya ring ata (of asa) tumut enz.; C ya ta iplv. bhaya; C pada iplv. sadā-. 146. M istwī iplv. istri; M benda iplv. endah. 147. M abosēni, C ambosēn ing; C warnēng iplv. wādēng; M Jo-Biru. 148. C sang umarēng iplv. ning sang marēng. 149. C -ānaracap; M ngewēhin; ABM sasapeng. 150. M sira akalangwan; M -āpikak iplv. -āpikat; M agēgērit; M sakangēn iplv. sakalangēn. 151. C abina iplv. abinang; C mandra iplv. manda; M maw iplv. mahw.

## ZANG V.

*Sinom.*

1. Pitung rätrī lawasirêng, mǎrgi tékêng Maja-Pahit, anuju kuwu wêkas lor, ing babad anglunang kakši, angarêpakên kali, agung jumog saka kidul, anâñjog saka kulon, ily atêmpur angrësny ati, lwah akêdung, ajro bañiunyânalāga.

2. Munggw ing lalasta arata, arsik kaya wênŋng pasir, parang-parangnya payung grong, -grong ni çilatalâpipit, tang pring pêtang ing kšiti, -nya kûrmânggon ika suwuk, asarakat tang odod, wayêka unggwannyângaring, kombak ing tu, -ban gumuruh arantunan.

3. Jukung-jukung tanpa sêla, mudik aily agarāmī, lunga tēka pasang sambong, sawong sang alaladeni, wwang ing Madhura ganti, waluya tēka lumintu, anâcāra tan alon, amet lakua sowan ing, Maja-Langu, panglor mungguh Wirasabhā.

4. Kidul wetan kangkên kuṭa, wot agung panalêt kali, rahadyan sampun mingjêro, ring pasanggrahan arêsik, wangun-wangunannya pring, akweh pathāni arunggu, prênahnya açrī tinon, ya aêlêt-lêt pagêr pring, toya agung, mingjro angidêri wegma.

5. Tinon kadi pangalusan, cara-caraannyârawit, mantrī mwang balâkukuwon, pinrênah makapanawing, pasawahan wus dadi, tanêm-tanêman aluhung, pattranyâlum asinom, sarwakusuma tan kari, pucang tirisian tumaruṇa lan pisang.

6. Açok'-hâstī rumambaya, saking Cêmpâwit eng uni, bina-tur ing karang jinog, ing gigilang çelâputih, prênahira tinangkil, rahadyan wontên alungguh, ingaran wijil pindo, ken Sora matur sabhakti, wadinipun, punapa wus tékêng para.

1. A babat; C akši; C ilyan tēmpuh. 2. C ênŋng iplv. wênŋng; C -nyâmayung (ng)grong-grong ring ç.; C mûlâ- iplv. kûrmâ-; A (t)a odod, C angodod iplv. tang odod. 3. A lungka iplv. lunga; C masang: AB sawo iplv. sawong; BC anâdaratan (of anâdarat tan) iplv. anâcāra tan; B alo iplv. alon. 4. B aêlêt-êlêt, C angêlêt-êlêt iplv. ya aêlêt-lêt. 5. BC alumung iplv. aluhung. 6. C açok'-hâsmī; C sakêng C.; C jinor iplv. jinog.

7. Kapuk Mahiṣa-Pawagal, ngong otus mangkata eki, iri-kêng Wirāṅgalor, wërttākēn yan ana kami, wus tēkēng Maja-Pahit, patulaka arēpkw asru, mērēpēng Daha andon, siddha satēkaantēki, kang tinuduh, karo anuly amit mangkat.

8. Lakunya tan koningaa, gantian ing dina rātrī, tan pēgat rawuh punang (w)ong, -syān-ongsyān eng Maja-Pahit, sakīng Daha-nagarī, tan ucapēn thāni dusun, wong ngalana tēkāndon, rūpane abēcik-bēcik, lēwih wongira sakēng Tumapēl kuna.

9. Sampun sami sinung prēnah, bhukti sambēknyāñjīrṇani, wuwusēn rahadyan sirēñ, -jing sinewā de ning mantrī, woyēng wijil ping kalih, tumuly akon undang asru, punang wong añar mangko, tan-dwa rawuh wontēn sawi, -dak kwehipun, mēndēk sama atur sēmbah.

10. Pinilih punang wwang senak, eng rūpa trpti ring aji, kṛtī caṇḍāmedhā ning wong, kang yogya winangun lēwih, ngasinoman ing mantrī, tinut tata rungunipun, sama winatran panon, ken Sora mesēm sahāngling, pun ēndi pu, -nika kinula-wiṇuddha.

11. Anging babatang manira, sakīng wyākaraṇa singgih, punika luhung punang wong, gēng abādawaṇa akṣi, -nya wera eng puputih, usuknyāwēlar abēngkung, yayāmēdyani tinon, rahadyan mesēm anolih, ken Pamandana gumuyu tur angucap.

12. Pantēs awany anarapak, bhoh sanggup gowak tan yukti, wong iku kātārēng panon, agod lalakunya towi, sumyok guyu ning mantrī, rahadyan pacuh amuwus, iya ujarira wong, Agra-Pāwakāranēki, iku atut, caṇḍa kang munggu ing untat.

13. Wong akiñcit mūrdhabadha, wasitanyātērēh ami, -weka cāstra pantēs kahot, Suprajāta tēnggranēki, tan asor eng kawa-nin, dadekēn wong ika tuhu, kon angalihāngalor, wēkas maka-senāpati, yan ing ayun, denya mungguh Jagawastra.

7. C Wirarāja lor; C wërtākēna iplv. w. yan; C satēkanta eki. 8. C koningāwan iplv. koningaa; AB wongsyān-ongsyān, C ongsyān-ongsyān; C M.-Pih iplv. M.-Pahit; C tēkāngdon. 9. C sinebā iplv. sinewā; C mangke iplv. mangko. 10. C wwang menak; A en B laten ook de lezing wang-çēnak toe; C eng (mantrī). 12. C akod iplv. agod; C tuwi. 13. C tēnggranēngki.

14. Sampun kinen ing maṇḍapa, lor rahadyan aningali, iki katambing kidul wong, godeg lemet tuhw abēcik, wwang malang dulw adēling, arūpa kēpah amuwus, konēn iku angalor, Kapal-Açokâranēki, ikana tung, -gal wong amukha awera.

15. Wuwusnya pantēs prakāça, wong Januwak ling ning aji, lēwih wani wong mongkono, Sura-Sampana arani, kang kulon ikâbēcik, wong andap aipak pupuk, çocanyâbundēr tinon, Tuñjung-Tutur sun arani, pangalor kēna angumpul eng maṇḍapa.

16. Iku kang ělor abutak, susuk godeg ati-ati, lamet gēgēt suru sang wong, ambēcik tâdēge alit, Wirasanta arani, tumut ta sandinge iku, çocane bundēr alok, kiyal akukuh sadâlit, petēn unggu, -hakēn Jajaka-Pidikan.

17. Iku kang umungguh wetan, roro rūpane abēcik, pantēs sadulure rēko, ana kang matur asinggih, kēmbar saka ring Siddha, -bhawanânakipun kuwu, mesēm rahadyan akon, ameta sinung kakasih, Singhânuwuk, arinēku Singhândaka.

18. Munggu(h) alingan eng tēngah, wong iku amiçrēng aji, lemet agodeg alus po, -capanēka pantēs manis, ungguhakēna manih, rangga Pārijâtânēngguh, wong pangalanēng Lawor, kang ěndi rūpaanēki, ana matur, punika tumut ing tēngah.

19. Adēgnyâlit çoca mangsang, wētise alus akēñcing, asigit pocapannya wong, godeg lemet ararawis, iya sojar ing aji, Prabhântaka tēnggran iku, konēn amañḍapa lor, Caritāngça sun arani, wong sakīng Mēmēling nēngguh angalana.

20. Pinaridoça wawalat, estrī lalamar eng thāni, lilima polihe rēko, kang ěndi rūpane malih, mesēm ken Sora singgih, punika punang arusus, kang akēkēm̃ul ijo, sēmune suma pri-hatin, lagunyântuk, wowotan mesēm rahadyan.

---

14. C mwang malang; C arūpāngēpah; C K.-Angçokâ-; C amungkha iplv. amukha. 15. C pupu iplv. pupuk; C akumpul iplv. angumpul. 16. B gedeg iplv. godeg; BC lemet iplv. lamet; C kang iplv. sang; C adēge iplv. tâdēge. 17. C rūpaane bēcik iplv. rūpane abēcik. 18. C amiçrang; C pocapane apantēs; AB ungguhakina; C ana wong panga(l) L. iplv. wong pangalanēng L.; C i (tēngah). 19. C māngsa iplv. mangsang; A pocapan iplv. pocapannya; C Prabhānhaka 20. C pinaradoça wawalang eng strī.

21. Tan polih ta gane sira, atuwawaa sadidik, denyâomah-omah kahot, sumyok guyu ning anangkil, ken Sora anglênggak ang, -aduh punapa pukulun, sambêkan ing dudu wong, mesêm rahadyan sahângling, abêcik ika wong Subhikša tang aran.

22. Atut eng rûpa amenak, pracac' êng dyah tegêng pati, wehêna eng maṇḍapa lor, Rara-Sindura arani, kunêng karianêki, makabêkêlan ya mungguh, satus sowang-sowang wong, ing jaba dum-dumên malih, amit ken Pamandana lungâmarêñcah.

23. Mantuk rahadyan ing weçma, kari anginum eng yawi, ramyâsukhan-sukhan sawong, -ira Sora anggawani, kimita ng mantri uni, esuk sore amumuruk, tan iwang raras ing wong, sakrama suçilâsthiti, ndan kawuwu, -sa Wîrarâjêng Madhura.

24. Sampun adan-dan bahitra, raden yayêstri ngajawi, Mahiṣa-Wagal apapang, -gih sampun tinulak malih, wontên sutanira Wi, -rarâja omah eng Tuñjung, prênah Madhura-Kulon, kinon milwêng Maja-Pahit, awwat atur, -ira Wîrâjêng Madhura.

25. Kantun tan milw angajawa, sok pinatihnya angiring, tan warnêng laku sampun ma, -lih andungkap Maja-Pahit, Wirasabhâ kapanggih, rahaden Wijayâmagut, winawêng puri yayês, -tri tan kantun ken pinatih, rahaden mijil amahoni sinebâ.

26. Ring wijil pindo pêpêk kang, mantri rahaden sirângling, Pamandana ko mingjêro, prênahêna wong eng puri, pamatura ring yayi, salu kulon sira mungguh, dunungakêna êlor, pawonganêbu pinatih, amit ken Pamandana mingjro titingkah.

27. Sampun mijil Miṣa-Wagal prâpti rahaden sirângling, angapa sira sun kon-kon, Miṣa-Wagal awot sâri, singgih datêng ing Madhu, -ra uni manirânuju, pun Wîrarâjâmomot, adan sang âryângajawi, aturipun, winot eng anaknyâsebâ.

21. C puna iplv. punapa; C iku iplv. ika; C ingaran iplv. tang aran. 22. AB tega ng iplv. tegêng; C winawa iplv. wehêna; BC -marêñca. 23. C ring (weçma); C manggawani; C amumurug; C kawuwusan. 24. C amwat iplv. awwat. 25. C mantuk iplv. -magut; C pura. 26. C sinebâ pêpêk iplv. pêpêk kang mantri; C raden angling Pamandanâkon m.; A e (puri); A mingjru tit., B mingjrwa tit. 27. A kankon iplv. kon-kon; C winwat iplv. winot.

28. Garjita sang inaturan, mangko ta ana eng ěndi, abagus ta gane kang wong, kapengin wikana kami, singgih sěděng kapengin, něngguh ta nggonnyānēng Tuñjung, deçēng Madhura-Kulon, rūpanipun tuhw apėkik, tamēng sěmu, pantēs mungu(h) eng nagara.

29. Tinilar ing Wīrasabhā, pun Bañak-Kapuk nganteni, Wīrasanta Kapal-Aço, -ka po kita lunga aglis, yayi kon ajānganti, mangkat tang tinuduh asru, tēkēng jaba ning wowo, -tan apagut sang lagi prāp, -ti sah ing ku, -da sira wruh yan otusan.

30. Rawuh ānibakēn ndika, sang prāpta nēhēr lumaris, akweh andulur sakamār, -gi harša kang aningali, tēkēng pangastryan nuli, mingjro sira Bañak-Kapuk, marėk eng wijil pindo, matur yan datēng sang lagi, prāpta kinen mingjro denira rahadyan.

31. Ingundang tumuli prāpta, anglus basahan raspati, akampuh dadu sasaron, dinangdang gulābhra mirir, asabuk limar pāri, -jāta papadon smu landung, krisnya cinarañānom, rahadyan nungsung ing liring, sang wong ing saka lor merenyāparėka.

32. Sang kinen marāmādapa, açry anampānandang kuning, mēndėk sahānabda alon, pun bapa atur-atur ing, pakanirāmalar sid, -dha ulėsan ing aturu, sakēng Tatar singgih mar, -manipun tan marėriki, lagy aotu, -san amangsuli wewehan.

33. Lan kumārdia pakira, siddhāpus-apusan ugi, didinipun pun Tatar prāp, -ti amrēpēng Daha mbeñjing, ingakon-akon putri, bahitranipun tumutur, mara eng Tatar kinon, enggala tēkāngombali, singgih punikāngkat *sapungkur* manira.

---

28. C deça M. 29. C K.-Angçoka; C (mangkat) (t)eng tin.; A wowatan (wowwatan); C amagut; C sang prāpta lagi iplv. s. l. p.; ook B prāpta. 30. C harša iplv. nēhēr; B (kinen) ing jro. 31. C satorot iplv. sasaron; A dinanandang gul.; C milir iplv. mirir; C papadon. 32. C kunēng iplv. kuning; C i (pak.); C wewetan iplv. wewehan. 33. C eñjing iplv. mbeñjing; A sawungkur, C upungkur iplv. sapungkur.

## ZANG VI.

*Pangkur.*

1. Sampun tinanggap malih a, -tur-aturirârya sutâtur bhakti, lan pakanira pukulun, depun-aturi uga, sampun twas aprêgi ngudwakëna laku, apan tulus siddha ning gati, depun-kasûksmêng aji.

2. Sang inaturan kadi la, -tah tan ojar malah asëmu tangis, kaprañan citta angrungu, wëwëkasira ârya, lëwih tumon ing polah sang prâpta atur, prathamâtut tingkah eng nîti, çilakra-ma subhakti.

3. Wëkasan tumurun suma, -lah ing çila angayuh alon angling, mamarëk uga sirêngsun, satëkanirâri lwir, tarutrña aking linawad ing jawuh, cittaningsun sumëkar dadi, lumung mar-mar asëmi.

4. Dimapa tan aidëpa, ujarira bapa sun ati-ati, syapa ta asungêringsun, mon tan sirâwilâsa, tulus adamë sihirâsanak tuhu, angera uga sirêriki, miluêringsun yayi.

5. Sahur bhakti sang liningan, de ning prâpta sumëmba-haken pati, singgih yan tan siddhêng laku, tan mulihêng Madhura, pun bapa tumuli tan asuwe rawuh, ambhakta paprang wong Madhura, atya tumpurêriki.

6. Mangkin garjita sang ina, -turan egar sang mantrîng Maja-Pahit, rahadyan lingirâmuwus, syapâri aranira, sang saka lor anëmbah abhâsâ tan wruh, mesëm sang sinëmbah lah yayi, si Wënanng sun arani.

7. Pan sira wënanng amiçe, -sa sareh anut ta iringsun singgih, Madhura nggwan ing tumuwuh, rangga patrap ning naya, wiwekângawruhi prâyâbhiprâyëku, kârañanira sinëngguh yayi si rangga Lawêki.

2. A oja iplv. ojar. 3. BC pamarëk. 4. (mon tan) pirâ-; B sirâsanak iplv. sihirâsanak. 6. BC mantrî M.; C lingnirâ-; B abhâsâ pi tan wruh (abhâsâpitanwruh ?) 7. C Pun iplv. Pan; C (nggwan) i; C bhaya iplv. naya; C karanira iplv. kârañanira; C Lawe iki.



8. Kweh ucapakëna silih, -silih-ujar raden sirâng-luwari, ring yawi kari anginum, rame rawuh kañcit pu, -nang amomot sakîng Wîrasabhâ anguñ, -jal babhaktane ken pinatih, katur eng raden putri.

9. Lingsir kilyan duk mari pu, -nang anadah aluwaran sang mantri sira rangga Lawe dumu, -nung ing ken Lëmbu-Sora, pinrënah wongirâmaranty akukuwu, wuwusën rahadyan sirëñjing, sinebângälathäni.

10. Pan hyunira agunita, lan ken Sora rangga Lawe makädi, sok mantri-wrddha winungu, tingkah ing amangun prang, sañjata koça awähana linuhung, bala pinariksâti-ati, tambak sayêng ajurit.

11. Marakën dūta pariksā, marîng tēgal jurang lwah talun wukir, parantun ing akukuwu, duga-duga prayoga, deça ning atanding aprabhāwēng ayun, lēpas ning dadalan pajoge, pringga silukanēki.

12. Ingulih-ulih bwat ning kra, -ma wištinya mantri aprāyagati, sira rangga Lawe matur, akon mantuk manirā, -met turanggābēcik pun bapa uny antuk, saka ring Bhīma Kore dadi, wāhanēng mantririki.

13. Saha gong tabu-tabuhan, gēnding dhwaja sapangācārēng jurit, rahadyan asēmu guyu, iya yayi sareha, çinarīrakēn ing sira tatanipun, sang winuwusan atur bhakti, sawadinipun singgih.

14. Mangkana sampun dadi tang, bhāwarasa sama amit sang mantri, mētw ing manguntur anginum, tuhābhyāgatāndika, sadinan wong Madhura tan pēgat rawuh, miranti ung-gwañira Wira, -rāja marēp eng puri.

15. Mangkin sangçayālēp tingkah, -an ing kuṭābangun rēngga ning puri, de ning pasanggrahan pēnuh, rangga Lawyātitingkah, mine ken pinatih mēdal mañjing sampun, angupakāra raden kalih, cacadangirēng laki.

8. A yaci iplv. yawi. 9. C si (rangga L.); C marîng ken Sorāndaka iplv. ing ken L.-S.; C wuwusan. 10. C wāhana iplv. awāhana. 13. C tabuh-tabuhan; C sēmu iplv. asēmu. 14. C kang iplv. tang; C tur abhyāg.; C. didinya iplv. sadinan; C maranti. 15. C tingkah iplv. tingkahan.

16. Datëng ing weçākhamāsa, mantri Winotan maring Maja-Pahit, inutus dera sang prabhw ing, Dahāsamayāmrga, rahadyan nampeni ring panilēmipun, tângkat anuju pajang çaçi, tēkēng Daha panggërit.

17. Apapanggih mangkwēng Wīra, -sabhā dinunungakēn sirēriki, tan wineh ing kuṭa esuk, tinamw ing bale pañjang, pēpēk sang mantri Maja-Langu amusuh, -i rahadyan sok añjēnēngi, secchā panadahēki.

18. Kañcit prāpti punang amo, -mot undakan saking Madhura mudik, eng Tuban pēnuh adulur, pada ababahitran, tinon yayēng tulis mpuhawangnyāgupuh, pating kurambang olaḥ sogok, — (?) mañjing-mañjing.

19. Ana kadulu mukha sum, -pēt ing toya malah tiba kabanting, kang guyu ambata rubuh, de ning aky' āniningal, mantri Winotan ĕnty harṣane andulu, singgih kang kuda lagi prāpti, makapamrēg puniki.

20. Mesēm rahadyan nahurya, singgih kaka sun bhaktani-pun mbeñjing, asu panggosroke durung, lan jaring sok punika, pisan sun anteni ring panilēm rawuh, samangka budal sakēriki, dan-danane wus dadi.

21. Anēmbah sira Winotan, de ning kuda kongang depuntingali, kapengin manira wēruh, tangkēpe pun Madhura, rangga Lawe angling punapa pukulun, bhinnanipun tangkēpe thāni, lan ing Daha-nagarī.

22. Pan pada ingateni bwat, açwaçikṣā widagdha sang tumitih, kongang aparang aparung, datēng ing bhūmi Daha, punika ton-toni tandangipun besuk, denyāmuwus asēng-sēng mutik, rēngu-rēngu ning liring.

16. B waçākhamāsa, C weçākhadāça; C marēng M.; C denira sang prabhu D.; C tan kat iplv. tângkat. 17. C sirēki iplv. sirēriki; C panadah iki. 18. A Kañcip of Kañci pr.; C prāpta; C duk ing iplv. mudik eng; C adudulur; C puhawangnyā-; AB ola iplv. olaḥ; alle drie de handschriften hebben p.k.o. sogokayumañjing-mañjing, waarvan ik het laatste stuk echter niet weet te splitsen, en waaraan één lettergreep moet ontbreken. 19. C tang (guyu); C ĕnti harṣanyāndulu. 20. C beñjing. 21. A denipun (tingali); A (wēruh) patangkēpe; C tangkēp eng (thāni). De strophes 22,

23. Mesēm Sāgara-Winotan, asmu kagyat mātrā bang-bang ning aksi, ih syapa ta gane iku, mantrī añar kadriyan, biṣa dene angling ujare anēñuh, -i twas tuhu rahadyan nolih, ken Sora wruh ing aksi.

24. Palunga sira kaki ba, -lanira tinuduh atuturun i, -kang kuda aja alēsu, parakēna ring natar, angadēg ken ranggāsru apungkas kampuh, lali yen rahadyan tinangkil, mesēm ken Sora angling.

25. Kang tinakonan iki nang, -kēn pukulun pun Lawe aranēki, paulunan prēnahipun, de manira sakīng Ma, -dhu-ra-Kulon pradeḡanipun ring Tuñjung, wimūḡhādusun os eng thāni, tan wruh wit eng nagarī.

26. Nahury alon saha smita, singgih paman sampun de ning baribin, pan kasolondohan wuwus, sotan ing durung tama, awawanon mbeñjing liwat ing acarub, mesēm rahadyan endah po si, sēmunyañjaring weni.

27. Sukha sawongira tan-dwa, prāpti punang kuda sinēlir malih, ākara rong puluh pitu, pinet tang munggw ing chanda, anuju eng aji ayēng-ayēngipun, lyan tang kusumâçoka sor ing, rūpāluhur ing tangkis.

28. Punika munggw ing mantrī ku, -da Samrana dinum ing asinom i, watra tēkēng juru buyut, kinon aprāyagata, milu padāmrgi marēng Daha sampun, lumrah lurugan sukha mantrī, Winotan nuli amit.

29. Tinut rahadyan sah ing Wī, -rasabhā mantuk aturanga sami, sang mantrī abhyāsakēn tu, -rangga çinrama-çraman, tinon yayēng tulis sakamārga umung, sawara ning tatabuhan byaktâ, -mangun *durmitlēng* gati.

---

23, 24, 25 ontbr. in A en B. 26. C beñjing liw. eng; C lēwih iplv. po si. 27. C Sukh' hārṣa wongira; B sinēlar iplv. sinēlir. 28. C Sambrana; C dinumakēn rimihin iplv. dinum ing asinom i.

## ZANG VII

*Durma.*

1. Gantian ing ucap Wirājêng Madhurâ, -ngidal adan banawi, awwat sakasangwan, ing bala srêgêp saha, sañjata paprang tan kari, sampun lumampah, akrīḍanāngajawi.

2. Karêngē denira rahaden Wijaya, parêng tumanduk prāptīng, Wirasabhā sira, sinambhramēng kasukhan, sampun ingajak eng puri, abhāwarasa, Lawe Sora tan kari.

3. Saturira sira Wirājêng Madhura, wontēn denipun uni, manirāken-kenan, tumēkēng Tatar-rājya, punika datēng ngombali, kang kinen bhr̥tya, pun yayi Wanēng-Pati.

4. Lēwih lumangghya pakon-akon manira, putrīng Tumapēl kalih, kang kaprakācita, sawēngkēng nusa Jawa, ring rūpa guṇa tan pingging, tinawakēna, gañjaran ing ajurit.

5. Mangke mangga asasamaya datēnga, ring weçākhāngajawi, abēcik lalayar, ing palwa panabranga, rahaden sirānahuri, sapolihipra, bapa sun anukhanī.

6. Lēmbu-Sora angucap asmu garjita, kaka kapan ta iki, siddha lampahana, sampun karīka kaka, ring susuruhan ajurit, iya ring kṛṣṇa, -pakṣane pañcadaḍi.

7. De ning sañjata yayi ruhun tiningkah, singgih kaka abēcik, rangga Lawyāngucap, sira po Jagawastra, kadi ndi tiningkah ajurit, manirātingkah, punang bala pinalih.

8. Mētw angalor thāni deça Linggāsana, dalan gung saka-mārgi, kang kidul andungkap, Singhasāri Siddhabha, -wanēng Lawor atut kali, singgih dadalan, -ipun Mundarang uni.

9. Nujw ing Barēbēg kang saka lor apēndak, pan papadon eng mārgi, irika angeka, -prāya meh tambing rājya, Wirājêng Madhura angling, abēcik dewa, aturipun pun mantri

1. C akrig anāngajawi. 2. K raden iplv. rahaden. 4. K putri Tum; K (pingging) tinatahkēna. 5. C anabranga; K raden iplv. rahaden; C anukhana. 6. C -pakṣanēng. 7. C titingkah iplv. tiningkah; C kita iplv. sira; C din iplv. ndi; CK ing jurit iplv. ajurit. 8. CK Lingg. thāni deça iplv. th. d. L; C palanggu iplv. dalan gung; B Singhasārīng; C kalih iplv. kali. 9. C Bērēbēg, K Bērēbēd; C papadon; AB tambēng r.; K pu (mantri).

10. Iya bapa ika senāpaty anēr a, -mētw angalor sirēki, sabala Madhura, tur aparēk denira, amaradūtēng kikisik, anaa ora, si Tatar kinawruhi.

11. Jagawastra ajādoh kalawan sira, Wīrasanta tumuli, si Sura-Sampana, milu Rara-Sindura, kang kidul pun kēmba kalih, Kapal-Açoka, Caritāngcāngrowangi.

12. Jajaka-Pidikanangga Pārijāta, ika pangalap mārgi, mangkana andika, -nira raden Wijaya, samānuhu punang mantri, amit adan-dan, Wīrarāja wus mulih.

13. Marīng pasanggrahan ken pinatih prāpta, winētokēn eng puri, wongnyāgawa-gawan, akweh tang pupundutan, tadah drawiñlēp açri, sakīng patingkah, -ira raden yayīstri.

14. Wīrarāja kari anginum eng jabā, -pan mantri Maja-Pahit, pada asewaka, ingajakan (n)drawiña, lingsir ing sūryā-musani, mantuk sakṣana, sampun surup ning rawi.

15. Wēngi tan kamantyan sira Wīrarāja, ri strīnya ni pinatih, sotan ing alawas, ambēk ning sagorawa, tan mangga surud arakit, atakēr raras, punapēngucap malih.

16. Pan wus tēkēng puhara mangkat rahadyan, aparawēñca malih, lakuan ing balā, -mēngi-mēngi ring mārga, tēka tāngēpung-ngēpung ring, thāni pradeça, tan warnan dina rātri.

17. Lēwih prakāça sañjatēng Wila-Tiktā, -ngidul amrang pradeçi, raden bhrā Wijaya, yaya bahni ujwala, saka lor sumrēg lumindih, kadi wah maghā, Wīrarājāngidēki.

18. Samangka katur eng aji Jaya-Nātha, dusun-dusun pathāni, kawus rinampasan, dera raden Wijaya, Wīrājānumutī jurit, kagyat sang nātha, mijil sira tinangkil.

19. Munggw ing bale bang pēpēk kang mantri tanda, sañjata wus sumaji, sēsēk sakamārgā, -lun-alun tanpa sēla, kulon kidul kadi wārih, tan pēgat punang, wwang sasañjata prāpti.

10. BCK senāpatyanira mētw. 11. CK K.-Anggoka. 12. CK samānuhun; K muli iplv. mulih. 13. K pinati; C prāpti; C yayēstri. 14. B mantri M. 15. C ring (strīnya); AB sagorasa; B punapēngucap. 16. K puwarangkat iplv. puh. mangk.; C mārga angēpung-ēpungi th.; K warna iplv. warnan. 17. BC agni iplv. bahni; C malapa iplv. māgha; C -ngidēk. 18. C pan wus iplv. kawus; C Wīrarāja mūrti ng jurit. 19. K kulo iplv. kulon; K wāri t.p.

20. Patih Mundarang matur eng *çrī narendra*, singgih kadi pun *ēndi*, karša prameçwara, denipun *thāni deça*, kinalanēng Maja-Pahit, mēnēng sang *nāthā*, -smu kemēngan ing ati.

21. Mahiṣa-Rubuh matur eng jēng sang *nātha*, kayānāma-maduli, amimirang lampah, potraka prameçara, karane amangun runtik, uni wus enak, denirāsewāgati

22. Mantrī Winotan kapiasēm denyāfiar, saka reng Maja-Pahit, kadi sinangṣipta, mesēm asēmu erang, iya Rubuh wu-wustēki, kayāna mithyā, punang mantrī iriki.

23. Tumilar dāna sumēlēng panawita, i jēngira nṛpati, katēngēr po denta, iya ko yan wania, tēka sudukēn tumuli, aja ingucap, sok asungil tang kuping.

24. Ah iya Winotan demu tēkāwirang, bhaya sira ajāti, srēngēn ken Winotan, parēng angunus khaḍga, geger ing tang-kilan mantrī, padānawala, *çrī Jaya-Katong* angling.

25. Wusanāja di nawala apa kēna, sakēng antakamami, nguny ana carita, *çrī Toh-Jaya* sangṣipta, lwir wuwudun munggw eng *nābhi*, iki puhara, wiruddhātēmah pati.

26. Kaget karungu swara ning brahmaçara, lwir kētug eng awyati, gumēr asahuran, saka lor ābhā nika, kañcit tang akuwu sakīng, Tuban agara, -walan tēka anangkil.

27. Gipih asalāh kudāmarēk anēmbah, pēgat-pēgat denyāngling, singgih susuhunan, sahur patik bhaṭṭāra, palibhayēng Tatar prāpti, munggw ing muhara, ebēk punang banawi.

28. Kadi lalaron mijil sakēng wiwara, tanpa pēgatan prāpti, anēngkē sāgara, lyan eñcok eng Dataran, kilyan sakawetan nambing, -nambing linabwan, linēbon sungi-sungi.

29. Singgih palokipun nēnggeh susuruhan, potraka pādu-kāji, rahaden Wijaya, pun Wīrarājānanggap, Wanēng-Paty anglakṣaṇeni, bhiṣekanira, Taru-Lakṣaṇa aji.

---

20. C i (ati). 21. C Miṣa-R. matura ri j.; K -mamanduli; A -saiwāgati. 22. K denyāmyarṣa iplv. denyāfiar; K ya Rub.; C kaya manitya iplv. kayāna mithyā. 23. C ri, K ing iplv. i; K kang tēngēr; A nte iplv. denta; K (ko) yen w.; K kang kup. 24. K denmu iplv. demu; C -wawalang, K -nawalang iplv. -nawala. 25. C antaka kami; CK prabhujangga iplv. *çrī Toh-Jaya*. 26. C gumēntēr sahurān; B gumē iplv. gumēr; C kang akuwu. 27. K kudāparēk; K denyāling; BCK satur iplv. sahur; K pati bhaṭṭ. 28. BK sakīng iplv. sakēng; K eenmaal nambing ontbr. 29. C raden bhrā Wij.; K T.-Lakṣmaṇa.

30. Munggw ing sopāna jong sasangâwangunan, tinon lwir gunung api, pan pating kërédap, mulyar abhrā pralēmba, layaripun lungsir randi, tuhu linepa, gocarane kaaksi.

31. Balanyâtuturun ewon saha sañja, -ta gāṇḍiwa lan bēdil, tameng towok kantar, akañjar pangarēpnya, wong winaju rante sami, saha kakhaṇḍa, tatabuhan tan kari.

32. Nēhēr tumandang amrēp kikisik deça, Tuban wus çirṇa ēnti, sawongnyâlaradan, malah tinut binēdag, patik bhrā tan anut mārgi, malayw anasar, gētu-gētun nṛpati.

33. Tan poly' angudhani rasa ning hṛdaya, wētwa pralalu angling, lah paran rinasâ, -majarakēn antaka, sang mantri asahur pakṣi, aken adan-adan, lumuruga mangkēki.

34. Sukha sang nātha kitāpatih Mundarang, cinatur bala iki, mētwa lor satēngah, saparagi angetan, punang kidul saparagi, kitāwakannya, Panglēt aṇēnāpati.

35. Mwang mētwa lor pangarēp Mahiṣāntaka, ra Bowong senāpati, kunang mētw angetan, si Sāgara-Winotan, rangga Janur senāpati, nēhēr lumarap, tan sañjata lwir wukir.

36. Akarang wāhana makaron-don dhwaja, alwah lakunya mili, pañjognyāngghūrṇita, swara ning tatabuhan, tanpa karungwa amlingi, munggw ing matēngga, çrī nātha tan panglēnging.

37. Sotan ing gya-gya sira amapag aprang, abhirāma mulat ing, balāglar ing harṣa, atusan awāhana, dēdēt sakamārga de ning, lēbw alimutan, guntur tanpāwan riris.

38. Durbhikṣa cihnanirāji Jāya-Nātha, kapēsēhan ajurit, kang kidul apapag, sañjatēng Wila-Tikta, yatna punang kēmbar kalih, Kapal-Açoka, ana ta balamantri.

30. C (jong) saha wawangunan; C apuy; AK mulik iplv. mulyar; C lēmba iplv. pralēmba; CK rangdi; ABK pinela iplv. linepa. 31. C ewon sasañjata g. lawan b.; K gāṇḍewa; C kakhaṇḍal. 32. C wongnya alaradan iplv. sawongnyâlaradan; C antuk, K atuk iplv. anut. 33. C rase iplv. rasa; C pralayu, K pralalwu; C rinasan m. 34. C paragi iplv. saparagi; C abonāpati iplv. aṇēnāpati. 35. K Ngwang (wētwa); K sang arēp iplv. pangarēp. 36. C Akara iplv. Akarang; C pañjognya ghūrṇ., ABK pañjogyâ; C karungwan; K matēnggah. 37. ABK asirāmapag iplv. sira amapag; K harṣa iplv. harṣa; C alimunan, AK (en ook B?) alimutang; de meeste handschr. spellen tanpahwan. 38. C Durbica, K Durdikṣa; K cinanirāji; CK K.-Açoka; B ta ontbr.



39. Rangga Pārijāta Jajaka-Pidikan, sampun angalap mārgi, asidag (?) ning alas, ra Wiro rorowangnya, pangarēp atandang jurit, umung tang surak, asanggani lan bēdil.

40. Karēngē denira Wīrājēng Madhura, anggrēk sañjatānuli, apapag eng mārğa, sira wīra Winotan, rangga Janur çighrā-tangkis, sañjatātata, sampun aprang sily'-okih.

41. Prang ing sakalor sirāji Jaya-Nātha, ra Bowong andan-dani, anebēt ing kiwa, panēngēn alalaywan, wong Tatar kaduk umungsi, tan wruh sinimbat, saka kiwākweh mati.

42. Apulih wadwa sabrang sily'-ayuh aprang, rame swara ning bēdil, hru tanpa pēgatan, pada along-linongan, sēdēng ing prang sēlang-tangkis, kawuwusana, Gajah-Pagon wus mijil.

43. Sakīng pangēban kinen atērakēna, denipun Macan-Kuping, anaknya Kañcil-Bang, parēng tēka anēmbah, ature arorwan tangis, aduh rahadyan, wus pējah mangkwāurip.

44. Kadi tinangi manah manira dewa, angrēngē bēdil muni, lan swara ning surak, bēnde sahurana nika, manira angankas singgih, siddha ning sādha, angaturakēn pati.

45. Sang inaturan mangkin sēla ning citta, tan kēna anahuri, sēmu-sēmu wāspa, ketang duke kinēpang, Mahiṣa-Mundarang ugi, pindrih pinērang, Panglēt anēlati.

46. Caritāngça Singhānuwuk Singhāndakā, -pi-api angging-siri, tangkise anggēbrad, sañjatēng Daha muntab, lwir angum-angun anuti, patih Mundarang, kaloñjok denyājurit.

47. Tan wikan ken Panglēt chidra ning lawan, tandang tēkangucupi, sakēringan amrang, ra Wiro Pārijāta, Singhānuwuk amaleni, sañjatēng Daha, giwang apērang miring.

48. Tan wilang kweh ing pējah dera Pidikan, ra Wiro amējahi, si Ajaran-Guyang, ki rangga Pārijāta, Kēbo-Caluk pinatyani, runtik ken dēmang, Drawalika apulih.

---

39. K angalang iplv. angalap; CK asida(n) of asiddha(n), B asidad iplv. asidag; B ing (alas); C asangga lan ing bēdil. 40. C sañjata Tatar. 41. K ing (na Prang) ontbr.; K aji iplv. sirāji; K na J.-N. ingevoegd: sira; C kadumuk mungsi. 42. K ru iplv. hru; K long- iplv. along-; K us iplv. wus. 43. C paēban iplv. pangēban; C sarorwan; K angaturakē p. 45. C kēsēl ing iplv. sēla ning; C uniya iplv. ugi; C anēlani. 46. C anggēbrag iplv. anggēbrad; K pati M.; C -ngjrihi iplv. -jurit. 47. C Panglēt i chidra. 48. C sira Jaran-G.; K A.-Huyang.

49. Parěng pamuke lan apatih Mundarang, alimpungan ajurit, Singhândaka pějah, dinuk sakěng turangga, Singhānuwuk Parung-Sāri, sirāmrajaya, pějah pun kěmbar kalih.

50. -Caritāngça kari lan Kapal-Açoka, karo atawan kanin, mantri Wila-Tiktā, -garawalan tumandang, Gajah-Pagon amungari, kětěb ing aprang lwir bubura ng prithiwi.

51. Mlěk ing lělěbu kady añarat ing lěmah, duk ken Gajah anguling, Bhūta-Wilis pějah, lan Kěbo-Wilalungan, angudupuk pakša amrih, rimpung kabrañan, kinudupung eng mantri.

52. Awalikan yaya jong gumiwang-giwang, katampon ryak eng pasir, sinrěng pinrajaya, kaninnya tanpa sěla, Gajah-Pagon angěmasi, ghūrñita ng surak, bangun rama neng jurit.

53. Kanigara pějah dera Pamandana, tuměnggung Parung-Sāri, gumuling eng lěmah, pinědang dera Mědang, Pangělět wus angěmasi, ring luhur kuda, pinanah dera Nambi.

54. Apulih ken Drawalika amrajaya, Bañak-Kapuk ngěmasi, Kěbo-Kapětěngan, dinuk dera Mundarang, tiba kasungsang eng ksiti, anging tan pasah, Miša-Wagal atanding.

55. Lan Miša-Rubuh kabarubuhan, tangkis ndan yāngěmasi, sumyuk tēkang surah, saha tabě-taběhan, ken Sora dinuk tinitih, dera Mundarang, Drawalikāngěmbuli.

56. Tunggěng tan kanin ingiděk de ning kuda, dinuk ginanti-ganti, si dēmang Walika, kaget tiba alumah, sinuduk denira Dangdi, saka ring untat, si Sora dady atangi.

57. Pinrih Kěbo-Mundarang luput alumpat, ing kuda malayw aglis, Kěbo-Těkya malang, tiněkěk tan-dwa pějah, Mudot apudět tan gingsir, Bubar-Balěman, bubar kadawut ajrih.

49. K M., alimungan; C sakěng tur. 50. CK K.-Açoka; K -garawala; K Gaja-P.; C prathiwi. 51. C lěbu, K lěbuh iplv. lělěbu, waardoor te voren te lezen is Mělěk; C añarak; C ing, K ke iplv. ken; C inguling iplv. anguling; K kabrañan kinujah dupung e.m. 52. C katampwan; B sinrě iplv. sinrěng; CK ning (jurit). 53. K Paru-Sāri; K e (lěmah) piněda d.; K ruhur (kuda). 54. K siti iplv. ksiti. 55. K -Rubuh dubbel; K tabarubuhan; K dady angěm., C (ndan) angěmasi; BC sumyok, K sumyo; BCK taběh-taběhan; K tinindih iplv. tinitih. 56. K tanin iplv. kanin; CK inidik; C sakěng (kuda); C dēmang Drawalika iplv. si dēm. W.; K Dangding. 57. BC Pindrih, K Mindrih; C anglumpat; C tinětěk iplv. tiněkěk; C Pudot iplv. Mudot; K katawut iplv. kadawut.

58. Rusak wadwa Daha tan ana tumanggal, pating puringkang mati, ginrèk sakamārga, tan wineh aserena, de ning bala Maja-Pahit, mangkin atèpak, Wīrarāja ajurit.

59. Kalah kangelan paprange wong Madhura, rangga Lawyāsmu runtik, atakon eng bala, syapāngarēpana prang, ana matur nēnggeh mantrī, wīra Winotan, makaryamānēng jurit.

60. Pinayungan pètak sopacāra kawas, tēnggran tumandang mantrī, dadap aturangga, mas acāmara ġweta, abapang taluki putih, rinendakāra, angadēg eng padāti.

61. Punika sara-sarākon tan gingsira, pangarēpipun malih, sama munggw ing kuda, anēnggeh para rangga, anāgung adawākuning, tan awāhana, midēr anata baris.

62. Mangkin mangsēh ken rangga angalang dadap, wāhanāulu manggis, kuda paprangira, Anda-Wēsi ingaran, mayat tēwēke alungid, wongnyāwigaran, tabē-tabēhan atri.

63. Lumindih balane Wirājēng Madhura, pangarēp Wanēng-Pati, lawan Ģaradūta, inucap Jagawastra, sampun denyāmēmēkasi, tingkahan ing prang, dadaly arēbat bhukti.

64. Asing sakapēsan rinēbat agahan, phalanyātēmah dadi, rame tikang pērang, asurung tan-dwa ana, mantrīng Daha angēmasi, rangga Palana, Wīrasantāmējahi.

65. Tan winilang pējah eng bala apērang, Jagawastra wus olih, amatyani rangga, Sēmi lan rangga Mayang, rangga Janur srēng apulih, kadi añutan, tandangipun ajurit.

66. Kagiwang wong Madhura ken Ģaradūta, pinatyan Wanēng-Pati, abraņa tan jahat, umung tang tatabuhan, Wīrājēng Madhura runtik, mangkin lwir wrkṣa, mināngsāgēnēng wukir.

58. K patih muringkang (mati); C arerena, K aserenan. 59. K nēngge iplv. nēnggeh; C makaramyan ing (jurit). 61. K anānggung anādawākuning. 62. CK -āwulu (manggis); B ku iplv. kuda; K ingaranan; C tuwēke; BCK tabēh-tabēhan. 63. K -mēmēngikasi t.; C arēbut. 64. C kang kapēsan, K sang kapēsan; C eng gahan iplv. agahan; C punang iplv. tikang; K asuru iplv. asurung; CK mantrī D. 66. C paradūta; C pinatya; C kabraņa iplv. abraņa; C mināngsa gēng eng w.

67. Swara ning aprang lan tampuh ing sarwāstra, tanpa kuran tang bēdil, anging biśanira, Jagawastrātanding prang, lwir ing indrajāla kweh ing, lawan pinēgat, rangga Lawyā-mērēpi.

68. Sakīng untat akweh tang lawan kawēnang, kalud pun Anda-Wēsi, gambhira angrungguh, anokot yaya singha, amāngsa wong Daha n wrin-wrin, mantrī Winotan, kemēngan denyājurit.

69. Malik çakaça rangga Lawe amapag, mesēm ken Winotan ling, -nya ko Lawe tēka, tutur po samayantā, -mintokkēn rarasmw atanding, açramēng Daha, ena tēngsun ladeni.

70. Sang liningan tan sahur enggal kabangan, apet chidra apunding, -an kudāmramāgā, -ngadēg-adēg alumpat, kewran tangkis ning padāti, jumog si rangga, Lawe nunggal ing giling.

71. Aprang ing salw arok adadap churigā, -suwyātanding kawanin, tumuli kawēnang, Winotan wus tinigas, munggw eng salu ning padāti, surak ghūrṇita, çirṇa mantrīng Kadiri.

72. Sumbi pinatyan dera Rara-Sindura, rangga Bete akanin, Tuñjung-Tutur amrang, Wirarājēng Madhura, rangga Janur pinatyani, Sura-Sampanā, -mējahēng rangga Sunti.

